**दिन–शनिवार** **दिनांक–20.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय कपड़ा मंत्री गिरिराज सिंह कहलनि अछि जे टेक्सटाईल सेक्टर मे तकनीक के बढ़ावा दऽकऽ एहि क्षेत्र सँ जुड़ल लोकसभक आमदनी मे वृद्धि करबाक प्रयास कयल गेल अछि। दिल्ली मे विभिन्न शोध संस्थानक समन्वय समितिक बैसार मे श्री सिंह एहि क्षेत्र मे नव प्रयोग के प्रोत्साहन देबाक बात कहलनि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व मे आ हुनक मार्गदर्शन मे कपड़ा क्षेत्र मे प्रौद्योगिकी के महत्व दऽकऽ हम सभ लगातार आगां बढ़ि रहल छी।

---

केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी कहलनि अछि जे पूनर्गणना करेबाक हुनक बयान के गलत अर्थ मे प्रस्तुत कयल गेल अछि। श्री मांझी पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे ओ दू हजार बीसक चुनाव मे टिकारी विधानसभा क्षेत्र सँ पार्टी उम्मीदवार अनिल कुमार के पुनर्गणना करेबाक वास्ते मांग करबाक लेल कहने छलाह। एहि बयान के विरोधी दल गलत तरीका सँ प्रस्तुत कयलक अछि। एम्हर, राजद विधायक गौतम कृष्ण कहलनि अछि जे चुनाव आयोग के जल्दीए टीम गठित कऽ श्री मांझीक बयानक आधार पर विधानसभा चुनावक निष्पक्ष जांच करेबाक चाही।

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति शिक्षक लोकनि लेल आयोजित सक्षमता परीक्षा– चारि के परिणाम जारी कऽ देलक अछि। समितिक अध्यक्ष आनंद किशोर परिणाम जारी करैत कहलनि जे कुल चारि हजार नओ सय बत्तीस अभ्यर्थी सफल भेल छथि। एहि परीक्षा मे चौदह हजार नओ सय छत्तीस शिक्षक सम्मिलित भेल छलाह। श्री किशोर जनौलनि जे सक्षमता परीक्षाक पांचम चरणक आयोजन जनवरी आ फरवरी मे कयल जायत। एहि लेल आइ सँ मूल प्रमाण पत्रक जांच शुरू भऽ गेल अछि।

---

महाराष्ट्रक नागपुर मे एक औद्योगिक इकाई मे पानिक टंकी फटला सँ बिहारक छओ श्रमिकक मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि नओ आन गोटे घायल छथि। ई घटना एमआईडीसी बुटीबोरी क्षेत्र मे स्थित एक सोलर पैनल बनाबयवला फैक्ट्री आवाडा इलेक्ट्रो प्राईवेट लिमिटेड मे भेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि घटना पर शोक व्यक्त करैत मृतकक परिजन के मुख्यमंत्री राहत कोष सँ दू–दू लाख टाका अनुग्रह अनुदान देबाक घोषणा कयलनि। ओम्हर, महाराष्ट्रक मुख्यमंत्री देवेन्द्र फडणवीस सेहो घटना मे मृत भेल मजदूरक परिजन लोकनि के पांच–पांच लाख टाकाक सहायता राशि देबाक घोषणा कयलनि। कंपनी सेहो पीड़ित परिवार सभ के तीस–तीस लाख टाका देबा पर सहमति देलक अछि।

————————————————————

संपूर्ण प्रदेश घनगर कुहेस आ कड़गर ठंढाक चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त संवादक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे अधिकांश ठाम अधिकतम तापमान मे चारि सँ दस डिग्री सेल्सियस कमी दर्ज कयल गेल। एहि कारणे कनकनी बढ़ल अछि। प्रदेशक पश्चिम, मध्य आ उत्तर पूर्वी भाग मे आइ सवेरे कतेको ठाम घनगर सँ अतिघनगर कुहेस लागल रहल। जाहि सँ सड़क, रेल आ हवाई यातायात प्रभावित भेल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चारि सँ पांच दिन धरि पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, सीवान, कैमूर, रोहतास, औरंगाबाद आ सारण समेत प्रदेशक उत्तर–पश्चिम, दक्षिण–पश्चिम आ उत्तर–मध्य भागक अधिकांश क्षेत्र मे घनगर कुहेस लगबाक संभावना अछि। एहि के लऽकऽ विभाग ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि।

————————————————————

आइ सशस्त्र सीमा बल एसएसबी अपन बासठम स्थापना दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपन शुभकामना संदेश मे कहलनि जे एसएसबीक अटूट समपर्ण सेवाक सर्वोच्च परंपरा के देखबैत अछि। केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह सोशल मीडिया पोस्ट मे बलक जवान आ हुनक परिवार के शुभकामना दैत कहलनि जे देशक सीमाक रक्षा करय सँ लऽकऽ संकट के समय मे नागरिकक संग ठाढ़ रहवा धरि सशस्त्र सीमा बल सदिखन देश के गौरवान्वित कयलक अछि। एम्हर, एसएसबी पटना सीमांत मुख्यायल दिस सँ सेहो एहि अवसर पर कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि।

————————————————————

मुंबई मे मैथिली समाज भवनक निर्माण कऽ मैथिल समाजक लेल लोकार्पित कयल गेल। एहि मैथिल समाज भवनक लोकार्पण केन्द्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय आ पूर्व सांसद संजय निरूपमक करकमल सँ भेल। एहि अवसर पर कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

———————————————————————

सुपौल जिलाक त्रिवेणीगंज थाना क्षेत्र अंतर्गत नरहा गाम मे शराब कारोबारीक ठेकाना पर छापामारी करऽ गेल पुलिस टीम पर किछु असामजिक तत्व हमला कऽ देलक। एहि हमला मे दू पुलिसकर्मी घायल भऽ गेलाह। उग्र भीड़ पर नियंत्रण लेल पुलिस के हवाई फायरिंग सेहो करय पड़ल।

———————————————————————

समाप्त